

## CHAPIT 18

### Enfeksyon moun pran nan fè sèks

Nan chapit sa a :

Kisa ki enfeksyon moun pran nan fè sèks ?.....	321
Kouman moun pran enfeksyon sa yo ?.....	322
Tretman pou enfeksyon moun pran nan fè sèks.....	322
Ekoulman ki soti nan vajen.....	323
Klamidya ak gonore.....	323
Trikomonas.....	326
Chanpiyon (Kandioz, ekoulman blanch, mikwòb).....	327
Bakteri nan vajen (BV, gardnerella).....	328
Maleng nan pati jenital (ilsè nan pati jenital).....	329
Sipilis.....	329
Chanck.....	334
Èpès nan pati jenita.....	331
H PV (viris papiyòm imen).....	333
Enfeksyon Moun Pran nan Sèks ki ka afekte tout kò a.....	334
SIDA (sendwòm imino defisitè aki).....	334
Epatit B.....	335
Anseye fanm kouman pou yo evite enfeksyon moun pran nan fè sèks.....	336
Kouman pou nou ede kominote a frennen enfeksyon moun pran nan sèk.....	337

# Enfeksyon

## moun pran nan fè sèks ak lòt enfeksyon nan pati jenital


### Kisa ki enfeksyon moun pran nan sèks ?

Enfeksyon moun pran nan sèks se enfeksyon yon moun pran nan men yon lòt pandan yo ap fè lanmou. Gason, fanm, ak timoun, tout moun ka pran enfeksyon sa yo. Enfeksyon moun pran nan sèks pi souvan se gonore (ekoulman), klamidy, trikomonas, sifilis, chank, èpès, epatit B, ak VIH/SIDA.

Si yon moun gen nenpòt nan siy sa yo, konnen li ka gen enfeksyon moun pran nan sèks :

- move sant ekoulman
- gratèl nan pati jenital
- doulè nan pati jenital
- maleng oswa blad dlo nan pati jenital
- doulè nan basen oswa lè moun nan ap pipi

**Souvan yon moun ka gen enfeksyon menm lè li pa menm gen okenn nan siy sa yo.**



Gen anpil gason ak fanm ki fè enfeksyon sa yo san yo pan menm konnen.

Enfeksyon moun pran nan sèks ki pa swaye a lakòz pwoblèm grav. Poutèt sa nenpòt moun i gen enfeksyon sa yo dwe chèche jwenn tretman san pèdi tan. Yon fanm ki gen yon enfeksyon konsa epi ki pa trete ka devlope gwasès ektopik (wè paj 113), kansè nan kòl matris, oswa li ka vin esteril (wè paj 30). Si yon fanm ansent gen yon enfeksyon konsa ki pa trete, sa ka fè l fè pitit la anvan lè, twò piti, avèg, malad, oswa tou mouri. Yon moun ki fè yon enfeksyon konsa ka gen yon lòt enfeksyon fasilman – menm VIH/SIDA.

Chapit sa a pale sou kalite enfeksyon moun pran nan sèks pisouvan epi li eksplike kouman pou yo trete yo. Apre li pale sou kèk lòt kalite enfeksyon nan pati jenital moun gen souvan men moun pa pran yo nan fè sèks.



### Kouman moun pran enfeksyon nan fè sèks

Pou youn moun pran yon enfeksyon nan fè sèks, moun nan dwe gen kontak kole avèk yon moun ki deja enfekte. Kontak la ka pran nan rapò seksyèl (kote penis gason an antre andedan vajen fanm nan), sèks anal (penis la antre nan twou dèyè lòt moun nan), oswa pafwa, sèks oral (bouch nan pati jenital oswa nan twou dèyè). Moun ka pran enfeksyon sa yo menm lè yon moun jis fwote penis oswa vajen ki enfekte a sou pati jenital lòt moun nan. Gen anpil moun ki pran enfeksyon sa yo san yo pa menm gen okenn siy yo enfekte.

Yon moun ka evite enfeksyon nan fè sèks si li pa fè lanmou ak moun ki gen enfeksyon. Moun ka evite enfeksyon tou si yo sèvi ak kondòm. Pou ou aprann plis sou zafè enfeksyon moun pran nan sèks, wè paj 334 ak 336.

Menm tibebe ka enfekte ak maladi moun pran nan sèks – atravè san manman an pandan gwosès la oswa pandan akouchman an, lè pitit la nan pasay.

### Tretman enfeksyon moun pran nan sèks

Pifò enfeksyon moun pran nan fè sèks ap fè mye oswa l'ap geri si moun ki pran enfeksyon an chèche tretman touswit. Sepandan gen anpil fanm ki pa resevwa tretman. Yon fanm ka pa gen mwayen pou peye pou tretman. Li ka santi l jennen oswa li wont. Li ka pè pou mari l pa panse li te nan bagay ak lòt gason.

Pou tout rezon sa yo, fason ou pran swen yon fanm ki trape enfeksyon sa yo enpòtan anpil. Si yon fanm vin jwenn ou pou ou ede l, pa rakonte koze l bay pèsonn lòt moun. Sinon, lè l bezwen sèvis ankò, li ka pa vin kote w. Pa kritike l. Reponn tout kesyon l yo nan tout onètete, epi nan meyè mwayen ou kapab. Si ou pa ka trete enfeksyon l nan, ede l jwenn swen ki pa koute twòp kòb nan yon lòt kote ki tou pre.

#### Sonje :

- Trete enfeksyon moun pran nan fè sèks san pèdi tan. Lè enfeksyon sa yo trete bonè, yo koute mwens kòb epi sa bay pi bon rezilta pase si ou tann pi ta.
- Bay mari a tretman tou. Si ou swaye yon fanm ki fè enfeksyon, alòske mari l toujou enfekte, se lave men siye atè.
- Asire ou fanm nan pran tout medikamanyo preskri l la. Menm si siy enfeksyon an disparèt, maladi la dwe pran tout medikaman yo pou enfeksyon an ka fin trete nèt.



**Nòt :** Tout medikaman nou bay nan chapit sa a se remèd moun ka pran san kè sote pandan gwosès la oswa pandan gen timoun nan tete eksepte si nou ekri yon nòt ki di remèd la gen danje. Fanm ki pa ansent oswa ki pa gen pitit nan tete ka pran lòt medikaman ki pi bon toujou. Wè liv ki rele **Kote fanm Pa Gen Doktè** oswa pale avèk yon famasyon pou ou ka jwenn enfòmasyon sou lòt medikaman.

## Ekoulman ki soti nan vajan an

Li nòmral pou fanm gen ti ekoulman (swe) k'ap soti nan vajan l. Se avèk ekoulman sa a vajan an netwaye tèt li. Ekoulman sa a chanje lè fanm nan gen règ li ak lè li ansent.

Sepandan si gen yon gwo chanjman nan kantite, koulè, swa sant vajan an, sa ka vle di gen yon enfeksyon nan vajan n. Enfeksyon sa a ka se yon kalite enfeksyon moun pran nan è sèks, konsa tou li ka yon lòt kalite enfeksyon.

Nan chapit sa a, nou òganize plizyè kalite enfeksyon yon fanm ka genyen nan kategori sentòm enfeksyon an ka bay. Ekoulman k'ap soti nan vajan an kapab se sentòm pou klamidya, gonore, trikomona, oswa yon enfeksyon nan vajan moun pa ka pran nan fè sèks.



## Klamidya ak gonore

Klamidya ak gonore se de (2) gwo kalite enfeksyon. Sepandan yo fasil pou trete si tretman an kòmanse bonè. Si yo pa trete, yo ka bay lòt enfeksyon ki pi gwo oswa yo ka lakòz fi ak tout gason vin esteril.

## Siy nan fanm

Siy yo ka kòmanse kèk semèn oswa kèk mwa apre fanm nan fin fè lanmou avèk yon moun ki enfekte.



- ekoulman jòn oswa vèt k'ap soti nan vajan an oswa nan twou dèyè
- doulè ak brili lè l'ap pipi
- lafyèv
- doulè anba vant
- doulè ak senyen lè l'ap fè lanmou
- swa li pa bay siy ditou

Gason tankou fanm ka gen klamidya ak gonore san yo pa moutre okenn siy. Epi tou, menm yon moun ki pa bay okenn siy ka pase klamidya ak gonore bay yon lòt moun.

## Siy nan gason

Òdinèman siy kòmanse 2 a 5 jou apre gason an fin fè lanmou avèk yon moun ki enfekte.



- ekoulman k'ap soti nan penis
- doulè oswa brili lè l'ap pipi
- doulè oswa anflamasyon nan testikil (grenn)
- oswa li pa bay okenn siy

## Tretman

Si sa posib, tout fanm ansent dwe fè tès pou klamidya ak gonore. Si tès la moutre li gen youn (1) oswa tou de (2) enfeksyon sa yo, **li menm avèk tout patnè l dwe resevwa trete**. Men si li pa posib pou li fè tès, alòske li menm ak patnè li gen siy enfeksyon, yo dwe resevwa trete kanmenm. Li pi bon pou yon moun ki ta enfekte resevwa tretman – menm si ou pa fin twò sèten.

### Tretman klamidya

\* bay 500 mg eritwomisin..... nan bouch, 4 fwa pa jou  
pou 7 jou

oswa\*

bay 500 mg amoksisilin..... nan bouch, 3 fwa pa  
jou pou 7 jou

### Tretman gonore

\* bay yon piki 250 mg seftryaksonn.....nan mis, yon sèl fwa  
oswa\*

\* bay 400 mg sefiksim..... nan bouch, yon sèl fwa



Anpil fwa moun gen klamidya ak gonore an menm tan. Si ou pa sèten si fanm nan gen klamidya oswa gonore, oswa si li gen tou de, fè tretman pou tou de enfeksyon yo pou li ak patnè l la.

**Nòt:** Nan tan pase, yo te konn sèvi ak penisilin pou tretman gonore. Kounye a, nan anpil kote, penisilin pa elimine gonore ankò – paske li reziste medikaman an. Chèche konnen ki medikaman ki bay pi bon rezilta nan zòn pa ou la.

## Pwoblèm klamidya ak gonore bay tibebe

Fanm ki gen klamidya oswa gonore lè yo ap akouche ka enfekte tibebe yo. Sa ka bay tibebe yo enfeksyon nan je ki ka fè timoun yo avèg, oswa yo ka gen gwo pwoblèm nan poumon. Òdinèman enfeksyon klamidya oswa gonore nan je bay yon dlo jòn tou pwès k'ap soti nan je yo nan premye mwa a. Pou anpeche tibebe fè enfeksyon nan je, mete likid antibyotik nan chak je tibebe a lè li fin fèt (wè paj 260).



### Si yon tibebe fè enfeksyon klamidya

- ba li 30 mg siwo eritwomisin (erythromycin) ... nan bouch, 4 fwa pa jou

pou 14 jou

### Si yon tibebe fè enfeksyon gonore


- ba li yon piki 125 mg seftryaksonn.....nan mis, yon sèl fwa

Si ou pa ka fè egzamen pou ta wè ki kalite maladi ki bay enfeksyon an, bay tibebe a medikaman pou klamidya ak tout gonore.



## Enfeksyon nan basen (maladi anflamasyon nan basen, oswa MAB)

Maladi enfeksyon nan basen se yon gwo kalite enfeksyon nan matris, nan tib, oswa nan ovè fanm nan. Yon fanm ka rive fè enfeksyon nan basen lè li gen enfeksyon moun pran nan fè sèks, jeneralman klamidya oswa gonore, ki pat trete. Sa ka rive tou apre yon avòtman oswa apre akouchman. Mikwòb nan matris, nan tib oswa nan ovè fanm nan epi kote sa a vin enfekte.



Si yon enfeksyon nan basen pa trete, sa ka fè fanm nan kontinye gen doulè andan lontan. Fanm ki fè enfeksyon nan basen gen plis chans pou li fè wosès ektopik oswa pou li esteril. Enfeksyon nan basen ka menm koze lanmò.



### Siy enfeksyon nan basen

- doulè anba vant
- gwo lafyèb cho (plis apse 38°C oswa 100°F)
- santi li malad anpil epi li fèb
- ekoulman move sant ki gen koulè vèt oswa jòn ki soti nan vajen an
- doulè ak senyen lè l'ap fè lanmou

### Pou fè tretman enfeksyon nan basen



Yon fanm ki fè enfeksyon nan basen dwe pran 3 kalite medikaman ansanm. Yon medikaman pou trete klamidya, youn pou trete gonore, ak yon lòt antibyotik – Metwonidazòl (metronidazole):

#### Pou klamidya

- ba li 500 mg eritwomisin (erythromycin)..... nan bouch, 4 fwa pa jou  
pou 14 jou

#### oswa

- ba li 500 mg amoksisilin (amoxicillin).....nan bouch, 3 fwa pa jou  
pou 14 jou

#### EPI pou gonore

- ba li yon piki 250 mg seftryaksonn (ceftriaxone).....nan mis, yon sèl fwa

#### oswa

- ba li 400 mg sefiksim (cefixime).....nan bouch, 1 sèl fwa

EPI pou touye nenpòt lòt mikwòb ki bay enfeksyon nan basen bay 400 a 500 mg metwonidazòl (metronidazole).....nan bouch, 3 fwa pa jou

pou 14 jou

Pa pran metwonidazòl (metronidazole) nan 3 premye mwa gwasès la.

Si fanm nan pa kòmanse fè mye apre 2 jou ak 2 nwit (48 è), oswa si li gen gwo lafyèb cho osinon l'ap vomi, li dwe ale nan yon sant desante san pèdi tan. Li bezwen pran sewòm ki fò (nan venn li).

## Trikomonas

Trikomonas fè moun pa alèz epi li grate. Leplisouvan gason pa moutre okenn siy, men yo ka genyen li nan penis yo epi yo pase l bay fanm lè y'ap fè sèks.

Trikomonas se pa yon maladi ki danje, men li ka fè vajen an irite, epi sa ka fè li vin pi fasil pou fanm nan pran lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks tankou VIH/SIDA.

### Siy trikomonas

- ekoulman ki fè ti boul epi ki gen koulè gri oswa jòn
- ekoulman ki gen move lodè
- pati jenital ak vajen ki pran koulè wouj epi k'ap grate
- doule oswa brili lè l'ap pipi

Pou ede fanm nan fè mye, fè l pran yon bendesyèj. Fè l chita pou 15 minit nan yon kivèt dlo cho ki pwòp; fè li rete ladan l toutotan ke li kapab. Sa ap kalme doule nan vajen an epi sa ap pèmèt li geri pi vit. Li pa dwe fè sèks toutotan li menm ak mari li pa fin geri epi tout siy yo disparèt.



Pou fè tretman trikomonas

Si fanm nan ansent :

Li dwe tann jis apre li fin pase twazyèm mwa a anvan li fè tretman.

Medikaman sa a

ka yon danje lè li poko fin pase twa mwa ansent. Apre twazyèm mwa a :

- bay 400 rive 500 mg metwonidazòl (metronidazole) ..... nan bouch, 2 fwa pa jou

pou 7 jou

W dwe fè tretman pou mari fanm nan tou avèk 2 metwonidazòl nan bouch, 1 fwa sèlman..

## Chanpiyon (ekoulman wouj, mikwòb)

Chanpiyon se pa yon enfeksyon moun pran fasil nan fè sèks, men se yon enfeksyon yo jwenn souvan nan vajen fanm. Yo pi fasil jwenn li kay fanm k'ap pran antibyotik oswa grenn pou fè planin. Gason ka pran enfeksyon chanpiyon tou

### Siy enfeksyon chanpiyon

- vajen grate
- ekoulman ki gen koulè blanch, ki glise epi k'ap soti an blòk
- po anndan ak deyò vajen an gen koulè wouj klere e pafwa ki senyen
- sansasyon brili lè l'ap pipi
- vajen an bay sant tankou limon oswa sant pat farin (pou fè pen)

## Tretman


Chanpiyon se pa maladi ki danjere, men li pi bon pou ou fè tretman yon fanm ansent ki gen chanpiyon anvan li akouche, osinon tibebe a ka gen chit (wè paj 290). Leplisouvan chanpiyon ka geri ak remèd natirèl.

### Remèd natirèl pou tretman chanpiyon

Melanje vinèg oswa yogout nan yon kivèt dlo pwòp. Fanm nan dwe chita nan dlo sa a 2 fwa pa jou jiskaske li santi li kòmanse fè mye.

### Oswa Li ka eseye sèvi ak melanje sa a

Melanje 3 ti kiyè vinèg avèk 1 lit dlo bouyi ki fin frèt.



Tranpe yon moso koton wòp nan melanj la epi ete koton an andedan ajèn an chak swa pandan swa. Retire koton an chak maten.



## Si remèd natirèl sa yo pa ede, eseye youn nan medikaman sa yo :

### Pou fè tretman chanpiyon

Tranpe yon moso koton pwòp nan vyolèt de jentyan (violet de gentiane) 1% :

- mete koton an.....andedan vajan an, chak swa pandan 3 swa. Retire koton chak maten.

#### Oswa

- mete yon 200 mg mikonazòl.....andedan vajan an sou anwo, chak swa pandan 3 swa

#### Oswa

- mete yon 100,000 inite nystarin.....andedan vajan sou anwo, chak swa pandan 14 swa



## Prevansyon

Lè moun mete rad ki pa sere epi ki fèt ak koton, olye de polyestè ak nayilon, sa pèmèt lè pase bò pati jenital yo pi byen. Sa ede evite maladi chanpiyon. Lave oswa chanje kalson ak kilòt souvan. Savon pa dwe antre nan vajan moun nan lè l'ap benyen. Pa pran douch.



## Bakteri vajinosis (BV, gardnerela)

Bakteri vajinosis se pa yon enfeksyon moun ka pran nan fè sèks. Òdinèman se pa yon enfeksyon ki danjere, men li ka fè fanm ansent akouche anvan lè oswa tibebe a ka pran enfeksyon nan akouchman an.

### Siy bakteri vajinosis

- plis ekoulman pase òdinèman
- yon move sant dwòl ki ap soti nan vajen an, sitou apre l fin fè sèks
- ti grate

Pou fè tretman bakteri vaginosis

Si fanm nan ansent:

Li dwe tann apre fen twazyèm mwa a. Medikaman sa a ka danjere nan premye 3 mwa gwosès la. Apre twazyèm mwa a :

- bay 400 rive 500 mg metwonidazòl.....nan bouch, 2 fwa pa jou pandan 7 jou.

**Oswa**


- mete 500 mg metwonidazòl.....byen fon andedan vajen an, chak nwit pandan 7 nwit.



### ati jenital yo ap grate

Gen plizyè bagay ki ka fè pati jenital yon moun ap grate l. Lè se arebò bouch vajen an k'ap grate, se kapab chanpiyon oswa trikomonas ki fè sa.

Lè se plim yo oswa kote ki tou pre pati jenital la k'ap grate, se ka gal oswa pou ki fè sa. Gal oswa pou ka trete ak remèd lokal, oswa ak remèd ou ka jwenn nan pifò famasi. W'ap jwenn plis enfòmasyon nan liv ki rele **Kote Ki Pa Gen Doktè** oswa nan lòt liv ki bay bon enfòmasyon jeneral sou lasante. Gen de lè se pafen nan savon ak dezodoran ki bay grate a. Konsa tou, grate a ka soti nan plant ak zèb moun sèvi pou benyen oswa pou lave vajen an. Lave li ak anpil dlo pou wè si grate a ap pase.



## Maleng nan pati jenital (ilsè nan pati jenital)

Pi fò maleng nan pati jenital se bagay moun pran nan fè sèks. (Gen lòt bagay - tankou chofti oswa blese - ki ka fè sa tou.)

Maleng ki nan pati jenital dwe rete pwòp. Lave yo avèk dlo epi savon. Seche yo byen. Lè ou fin seche yo ak yon twal, lave twal la byen anvan ou sèvi avè l ankò.





**ATANSYON!** Lè yon moun gen maleng nan pati jenital, li fasil pou li pran lòt enfeksyon atravè maleng sa yo - sitou VIH/SIDA. Pi bon fason pou ou evite bay lòt mon enfeksyon an se pou ou evite fè sèks jiskaske maleng nan geri.

## Sifilis

Sifilis se yon maladi grav ki afekte tout kò yon moun. Li ka dire plizyè lane, pandan l'ap vin pi grav. Sifilis ka geri si yo pran swen li bonè.

### Siy sifilis

1. Premye siy nan se yon maleng ki ka sanble ak yon zanpoud, oswa yon maleng ki louvri. Li kòmanse 2 rive 5 semèn apre moun nan te fè sèks ak yon moun ki gen sifilis. Maleng sa a gen anpil mikwòb, bagay



- moun ka trape byen fasil. Maleng nan pa fè mal; si li andedan vajen an, fanm nan ka pa menm konnen si li genyen l. Men li ka toujou pase l bay tout moun ki fè sèks avèk li. Maleng nan dire kèk jou oswa kèk semèn sèlman apre sa li pase. Men enfeksyon an toujou la epi li kontinye ap pwopaje nan tout kò a.
2. Kèk semèn oubyen kèk mwa apre, moun ki enfekte a ka gen gòj fè mal, yon ti lafyèv, maleng nan bouch, jwenti anfle, oswa gratèl - sitou nan men, pye, vant, ak sou kote. Nan tout lè sa a, moun nan ka pase maladi a bay lòt moun nan nenpòt kontak tankou nan bo oswa nan touche, paske se sou po moun mikwòb sifilis la rete.
3. Òdinèman tout siy sa yo ap disparèt pou kont yo, men maladi a kontinye. Si yon moun ki souffri maladi sifilis pa resevwa tretman bonè, mikwòb sifilis la ka lakòz maladi kè, paralizi, tèt pati (maladi fou), epi lanmò.

## Sifilis ak gwasès

Si yon fanm gen sifilis pandan li ansent, tibebe l la kafèt anvan lè, li ka defòme, oswa li ka mouri. Si sa posib, tout fanm ansent ta dwe fè yon egzamen san pou wè si li fè sifilis – sitou si li te janm konn gen maleng nan pati jenital li yo.



W dwe fè yon egzamen san pou ou asire ou pa gen sifilis.

### Pou fè tretman sifilis



- bay yon piki 2.4 milyon Inite benzatin benzilpenisilin.....nan mis yon sèl fwa  
oswa  
si moun nan fè alèji ak penisilin:
- ba li 500 mg eritwomisin (erythromycin).....nan bouch, 4 fwa pa jou  
pou 14 jou  
(Eritwomisin pa toujou bay bon rezilta nan tretman sifilis. Ou ka bezwen fè tretman pou fanm nan avèk tetrasiklin apre li wete pitit la nan tete.)  
Si sa fè omwen 2 zan depi moun nan gen sifilis la, mennen li kay doktè. Li




### **ATANSYON!** Li trè difisil pou ou fè diferans ant sifilis ak chank mou

(wè paj 331). Si ou pa fin konnen si se sifilis oswa chank mou fanm nan genyen, oswa si li gen tou 2, ou dwe ba li benzatin penisilin ak tout eritwomisin.

### chank mou

chank mou se yon enfeksyon moun pran nan fè sèks epi ki lakòz gen maleng nan pati jenital moun nan. Li fasil pou moun pran li pou sifilis



### Men siy chank mou

- youn oswa plizyè maleng ki pi mou epi ki fè mal swa nan pati jenital la swa nan twou dèyè a k'ap senyen detanzanta
- nan sak grenn gason an, gen glann ki gwosi epi ki fè mal
- ti lafyèv



Pou fè tretman chank mou

- bay 500 mg eritwomisin.....nan bouch, 4 fwa pa jou pou 7 jou

**oswa**

bay yon piki 250 mg seftryakzòn (ceftriaxone) .....nan mis, yon sèl fwa

### Èpès jenital

Èpès jenital se yon viris ki lakòz ti bouton pete sou po moun nan; yo fè mal epi yo fè maleng. Èpès la simaye lè maleng ki sou kò moun nan touche po yon lòt moun – leplisouvan lè y'ap fè lanmou. Leplisouvan èpès jenital afekte pati jenital yo ak twou dèyè moun nan. On lè konsa, maleng nan ka simaye nan bouch moun nan lè yo ap fè sèks ak bouch.


**Nòt:** Gen kèk maleng nan bouch – yo rele maleng frèt – ki soti nan yon lòt kalite èpès. Leplisouvan kalite maleng sa yo pa pran nan fè sèks.

### Siy èpès

- pikotman, gratèl, ak doulè nan pati jenital
- ti bouton ki pete epi ki vin fè maleng nan pati jenital

Depi yon moun gen viris la, li ka gen plizyè maleng. Premye fwa yon moun gen maleng èpès, yo ka dire omwens 3 semèn. Moun nan ka gen lafyèv tou, tèt fè mal, kè fè mal, ak gland ki anfle bò kote pati jenital yo. Leplisouvan, enfeksyon ki vin apre yo pa rive grav tankou premye a.


Pou nou ka ede èpès la sispann simaye, moun pa dwe fè lanmou lè yo gen maleng. Kapòt ka anpeche maladi èpès la simaye, si kapòt la byen kouvri maleng nan. Kapòt ki fèt ekspre pou fanm ka pi bon toujou paske yo kouvri pi fò nan pati jenital la.



## Tretman

Pa gen gerizon pou èpès men gen jan pou fè soulaje maleng yo:

- Mete glas sou maleng nan depi ou kòmanse santi l. Sa ka anpeche maleng nan vin pi mal.
- Tranpe yon moso twal nan yon te nwa (black tea) frèt oswa nan yon te grenn jiwòf. Kenbe twal mouye a sou maleng nan.
- Chita nan yon kivèt oswa nan yon benwa ki gen dlo frèt ki byen pwòp.
- Fè yon pat ak yon melanj bikabonat oswa farin mayi avèk dlo epi mete l kote ki gen maleng nan.
- Mete sou li fèy yo rele « hamamelis de virginie » (witch hazel)



Lè moun gen èpès pou lapremye fwa, medikaman ka ede doulè ak maleng nan vin mwen grav.

### Pou diminye doulè ak maleng moun ki gen èpès pou lapremye fwa



- bay 200 mg asiklovi (acyclovir).....nan bouch, 5 fwa pa jou pandan 7 jou.

Pou ede ak doulè a

- bay 500 rive 1000 mg parasetamòl (paracetamol).....nan bouch, chak 4 è detan

Yon moun ki gen anpil estrès oswa lòt kalite pwoblèm sante gen plis chans pou yo gen maleng souvan. Alò si sa posib, moun ki gen èpès dwe pran anpil repo epi yo dwe manje bagay ki bon pou lasante.



**ATANSYON!** Èpès se yon gwo danje pou je paske li ka fè moun vin avèg. Apre yon moun fin touche maleng yon moun ki gen èpès, se pou ou toujou lave men ou avèk dlo epi savon.



### Èpès ak gwosès


Si yon fanm fè enfeksyon èpès pou premye fwa pandan li ansent, enfeksyon sa a ka lakòz timoun nan fèt tou domaje. Si kò manman an gen maleng nan lè akouchman an, li ka bay pitit la maladi a si po pitit la touche ak maleng yo padan l'ap soti deyò nan vajen an. Gen plis chans toujou pou sa fèt si se pandan tranche a li gen èpès pou lapremye fwa. Si yon fanm k'ap akouche gen maleng ki soti nan maladi èpès, li pi bon pou li ta ale akouche nan yon sant de sante. Doktè a ka fè manman an sezaryèn pou anpeche pitit la pran enfeksyon an, oswa li ka bay tibebe a medikaman kou li fin fèt.

### HPV (veri jenital)

HPV se yon mikwòb ki lakòz veri grandi sou pati jenital ak nan twou dèyè. Konsa tou, yon moun ka fè maladi veri san li pa menm konnen sa, sitou si yo ap grandi andedan vajen an. veri pa danjere, men li ka fè yon moun vin malalèz.

### Siy HPV

- Grate
- Ti boul sèch ki tou blanch oswa mawon nan pati jenital oswa nan twou dèyè. Tèt ti boul yo on jan rèd men yo pa fè mal.



**ATANSYON!** Gen boul ki tou laj epi ki tou plat, men se pa tout ki HPV. Petèt se maladi sifilis ki lakòz yo. Nenpòt moun ki gen boul sa yo dwe fè egzamen pou sifilis. Moun sa a pa bezwen tretman nou pral bay la a.


### Tretman

1. Pou po moun nan ka rete an bòn sante, mete vazlin oswa lòt kalite pomad sou li bò kote chak veri.
2. Sèvi ak yon ti baton pou mete sou veri la yon ti kantite asid triklowasetik (TCA) ak solisyon 80% rive 90% oswa asid biklowasetik (BCA). Kite asid la sou li jiskaske veri la tounen tou blanch. Fè atansyon pou asid la pa tombe kote ki pa malad. Lave kote ou mete asid apre 2 zèd tan oswa lè l'ap boule anpil.

Asid la ta dwe boule wart la jiskaske li geri epi pou li kite yon maleng k'ap fè mal kote veri la te ye a.

Òdinèman, ou dwe refè tretman an yon fwa pa mwa pandan kèlke semèn anvan pou veri la disparèt konplètman. Kenbe maleng nan pwòp epi byen sèch jiskaske l geri. Epi fanm nan pa dwe fè lanmou jiskaske maleng nan geri.

Gen kèk kalite HPV, si yo pa trete, yo ka lakòz kansè nan kòl matris fanm nan. Wè paj 380 pou ou ka aprann kouman pou ou egzaminen kòl matris yon fanm pou konnen si li gen HPV.



## Enfeksyon (moun pran nan fè sèks) ki ka afekte tout kò a

### SIDA (sendwòm imino defisitè aki)

SIDA se yon maladi mòtel ki soti nan yon viris, yon kalite mikwòb, yo rele VIH (viris imino defisyans imen). VIH/SIDA fè kò moun pèdi kapasite pou l konbat maladi. Moun ki gen VIH/SIDA tonbe malad fasilman ak maladi tankou nemoni, tibèkiloz, kansè, ak enfeksyon. VIH/SIDA pa ka geri, men gen tretman ki ka ede pou moun nan pa malad twò fasil.

VIH la simaye lè san yon moun ki enfekte, pou pou l, lèt nan tete l, oswa swe k'ap soti nan vajen yon moun ki gen VIH antre nan kò yon lòt moun. Li ka simaye:


*nan fè sèks ak yon  
moun ki gen VIH/SIDA*



*lè yon manman ki enfekte  
pase l bay tibebe nan vant la*



*nan sèvi ak menm piki zegwi  
Moun ki gen VIH fin sèvi*



Kote yo pa ka fè tès pou VIH, moun ka pran VIH la nan pran san. Gen de lè, manman ki gen VIH/SIDA pase VIH la bay tibebe yo lè yo ap ba yo tete (wè paj 293).

### Siy VIH/SIDA

Moun ki gen VIH ka pa gen okenn siy pandan yon bon bout tan – menm pou jiska 10 zan. Konsa tou, moun ki gen VIH men ki pa moutre okenn siy SIDA ka bay lòt moun viris la byen fasil. Yon fanm ka pran viris la nan men yon moun ki sanble li an trè bòn sante. Premye siy moun ki gen VIH/SIDA bay se lafyèv, djare, ak gratèl.

Poko gen gerizon pou VIH/SIDA. Sepandan, yon moun ki ka manje byen epi ki ka pran swen kò li, tèt li ak lespri li ka viv pandan lontan epi an bòn sante. Epi tou, nouvo medikaman ka ede moun viv anpil lane apre yo fin pran VIH.

Pou anpeche VIH simaye, fanm yo dwe :

- evite fè lanmou ak yon moun ki gen VIH.
- sèvi ak kapòt chak fwa l'ap fè lanmou ak yon nouvopatnè, Yon patnè ki ka ap fè lanmou ak lòt moun, oswa ak patnè ki gen VIH. Li ka gen VIH/SIDA oswa yon lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks san yo pa gen okenn siy.
- pa sèvi ak sereng, zegwi, oswa lòt zouti ki pa esterilize. Ni pa sèvi ak zouti moun sèvi pou pèse zòrèy, pou feakiponkti, mak sou kò, sikatris, oswa sikonsizyon. Se sèlman ak zouti ki byen esterilize pou moun sèvi lè yo ap koupe oswa ap pèse kò yo (wè paj 59).



Two people who are both HIV negative and completely faithful to each other can have sex without using condoms and not get HIV from sex.

## Staying Healthy with HIV

When a woman's immune system is being attacked by HIV, it is very important for her to prevent and treat other infections:

- If she has any signs of other STIs, like itching, a rash, a strange discharge or sores around the genitals, she should see a health worker.
- She needs to eat more food and have a healthy diet (see page 33). Taking a multivitamin pill may also help her.
- She needs to protect herself from tuberculosis (TB). People with HIV die more from TB than any other illness. A woman with HIV should stay away from people with active TB, and if she develops signs of TB, she should see a health worker right away. Signs of TB are coughing, night sweats, fever, or losing a lot of weight.
- She should drink only water that is free from germs which could cause diarrhea or other problems.

Women with HIV also need emotional support. Encourage them to seek support from people they trust. They can learn a lot from others who have HIV.



A woman with HIV who is starting to become ill (for example with cracks and sores around the mouth, weight loss, itching rashes, or many colds) can take cotrimoxazole every day to protect her from many infections and help her immune system stay healthy longer. See wpage 478.

If a woman can, she should get a blood test called a CD4 count. This test shows how strong our immune system is by counting CD4 cells. The higher the number is, the better the body can fight infections. A woman whose CD4 count is under 350 needs treatment for her HIV with HIV medicines called ART.

### **Medicines that control HIV**

Medicines called antiretroviral therapy, or ART, can make people with HIV much healthier and help them live much longer. These medicines also help prevent HIV infection for a baby during pregnancy and labor.

ART must be taken every day at the same times to keep working well. If a woman stops taking it, her HIV will grow strong enough to make her ill again. Afterwards, if she restarts taking ART, her HIV may be more difficult to treat with the same medicine.

There are several possible medicine combinations to use. More detailed information on using ART starts on page 492 of this book.

**Note:** Where ART is still not easily available, it may be difficult for every woman who needs it to take ART for her own health. But even where this is true, women and midwives can probably get medicines to prevent HIV from spreading to babies during birth. See page 495.



## Epatit B

Yon moun ki malad nan fwa se yon moun ki fè maladi epatit. Epatit B se yon enfeksyon grav viris bay nan fwa. Epatit B simaye lè san oswa lòt matyè likid soti nan yon moun ki enfekte rantre nan kò yon moun ki poko enfekte. Matyè likid sa yo se bagay tankou krache, swe ak likid ki soti nan vajen. Epatit B se maladi ki simaye fasilman soti sou yon moun pou ale nan yon lòt, sitou lè y'ap fè sèks. Konsa tou yon manman ka pase l bay pitit li.

## Siy lè moun gen epatit (tankou epatit B)

- pa gen apeti
- fatig ak sansasyon feblès
- je koulè jòn epi pafwa po koulè jòn (sitou plan men ak anba pla pye)
- doulè nan vant ak lanoze
- pipi koulè mawon ak koulè kola, epi poupou
- ki koulè blanch dwòl

## Tretman

Pa gen medikaman ki ka ede ak sa. Dayè, medikaman ka menm ka fè fwa a vin pi grav. Sepandan, pi fò mounarive geri anba maladi epatit B.

Moun ki gen epatit B ka fè mye pi vit si yo pran repo, Manje manje ki fasil pou dijere, epi yo pa bwè alkòl.



## Epatit B ak gwosès

Si yon fanm bay siy ki di li gen epatit B pandan li an gwosès la, li bezwen wè yon doktè. Li ka bezwen pran yon vaksen ki pou anpeche tibebe a trape enfeksyon an.

## Moutre fanm kouman pou yo evite enfeksyon moun pran nan fè sèks



Fanm dwe konnen nenpòt moun ki fè lanmou ak yo ka gen enfeksyon moun pran nan fè lanmou. Gason ki fè lanmou ak plizyè patnè san kapòt, gen plis chans pou li gen enfeksyon moun pran nan fè sèks. Fè egzamen se sèl mwayen pou konnen si yon moun gen enfeksyon moun pran nan fè sèks. Chèche konnen si gen yon kote ki pa chè nan zòn nan pou fè egzamen pou enfeksyon sa yo, epi wè paj 379 pou aprann plis bagay sou kouman ou ka egzaminen fanm yo ou menm.

Pi bon fason pou yon fanm evite pran yon enfeksyon nan fè sèks se pou li evite fè lanmou ak moun ki ka gen tan enfekte. Oswa li ka sèvi ak kapòt (pou gason oswa fanm) lè l'ap fè lanmou. Gen yon ti chans tou piti pou yon moun pran enfeksyon sa yo menm lè li sèvi ak kapòt.

Fanmsaj ka ede pwoteje fanm yo pou yo pa pran VIH/SIDA ak epatit B lè yo esterilize tout zegwi piki oswa lòt zouti ki sèvi pandan akouchman ak lòt kalite pwosedi. Wè paj 59.

## Fanmsaj ka moutre fanm yo teknik sa yo pou yo ka pwoteje tèt yo

- Sèvi ak kapòt chak fwa l'ap fè sèks.
- Pa fè sèks avèk yon moun ki gen siy enfeksyon (menm lè anpil nan enfeksyon moun pran nan fè sèks ka kontinye simaye menm lè moun nan pa gen okenn siy.)
- Pa fè lavaj andedan vajan an oswa pa seche li avèk zèb oubyen poud. Lè vajan an sèk oswa irite, sèks ka lakòz ti blese nan po a, epi sa ap fè fanm nan gen plis chans pou lenfekte ak VIH oswa ak lòt kalite enfeksyon.

Si yon gason pap sèvi ak kapòt, men ki metòd ki ka bay fanm yon ti pwoteksyon pou li pa pran enfeksyon:

- Sèvi ak yon dyafram (kontraseptif).
- Lave deyò vajan an apre l fin fè sèks.
- Fè pipi touswit apre l fin fè sèks

Fanm nan ak patnè li ka chwazi pou yo fè lanmou nan bouch ak lòt kalite karès san yo pa fè bagay (wè paj 312).

## Kouman pou ede kominote a frennen maladi enfeksyon moun pran nan fè sèks

Men kèk konsèy ki pou ede evite enfeksyon simaye nan kominote a:

- Pale avèk fanm w'ap okipe yo sou zafè enfeksyon moun pran nan fè sèks. Kèk fanm ka jennen pou pale de sa, men si yo konnen plis sa ka sove la vi yo.
- Lè w'ap fè egzamen prenatal, mande fanm nan si li gen kèk ekoulman dwòl oswa maleng sou pati jenital, oswa ofri pou ou fè tès enfeksyon pou li.
- Òganize yon gwoup ki pou pale sou zafè lasante, tankou enfeksyon ak VIH/SIDA.
- Sipòte lekòl nan zòn nan ki gen pwogram edikasyon sou zafè sèks. Ede paran yo konprann lè lekòl yo pale sou zafè sèks, sa pèmèt jèn yo fè pi bon chwa pita lè yo kòmanse fè sèks.
- Pale ak gason yo epi ede yo konprann ki ris ki genyen nan enfeksyon moun pran nan fè sèks, tankou ris pou fanm ansent ak tibebe.
- Chèche jwenn nan sant sante yo Nan lopital yo, oswa nan men Ministè Lasante ki enfeksyon (moun pran nan fè sèks) ke yo plis jwenn nan kominote a.
- Kreye yon famasi kominotè pou li ka pi fasil pou moun yo jwenn medikaman ak kondòm.

*Mwen vle pou pitit fi'm an sekirite – men mwen pa konnen kisa pou mwen di. Manman'm pa jan'm pale'm de sa.*

*Mwen konprann w. Èske nou ka jwenn yon fason pou nou di yo sa ?*

